



PLAN AKSÈ NAN LANG

**Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education
(Depatman Edikasyon Eлементè ak Segondè Massachusetts)
(DESE)**

Massachusetts Department of Elementary and Secondary Education
135 Santilli Highway, Everett, Massachusetts 02149-1962
Telefòn: (781) 338-3000 TTY: N.E.T. Relè 1-800-439-2370
www.doe.mass.edu

I. Entwodiksyon

Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè a (DESE) te devlope ak prepare Plan Aksè nan Lang (LAP) sa a ki dekri efò kontinyèl ki fèt pou bay moun ki gen Konpetans Limite nan Anglè yo (LEP) sèvis lengwistik.

Plan sa a defini tou aksyon nou ap fè pou asire aksè siyifikatif nan pwogram, sèvis, aktivite, ak materyèl pou tout moun LEP yo.

DESE pral revize ak mete ajou LAP sa a jan sa nesesè pou asire yo kontinye reponn rapidman a bezwen élèv yo, kominote a, ak entèvenan yo.

DESE sèvi yon popilasyon divèrsifye ki gen moun divès laj ak orijin lengwistik. Yon moun LEP se yon moun ki pa pale anglè kòm lang prensipal li epi ki gen yon kapasite limite pou li, pale, ekri, oswa konprann anglè. Yon moun LEP gen opsyon pou idantifye tèt li kòm LEP.

I. Objektif

Objektif plan sa a se asire aksè siyifikatif nan sèvis, pwogram, aktivite, ak materyèl pou tout moun LEP yo.

DESE pran angajman pou rann sèvis yo disponib pou moun LEP yo nan kad misyon li. Sou baz angajman sa a, DESE fè tout efò pou ede moun LEP yo jwenn aksè nan sèvis nou yo.

LAP sa a pa kreye nouvo sèvis; Angiz sa, li fè efò pou elimine baryè pou moun LEP yo jwenn aksè nan sèvis ki egziste deja yo epi asire tout anplwaye yo ka ede moun LEP yo jwenn aksè nan resous sa yo. DESE pral bay moun LEP yo asistans lengwistik yon fason ki jis epi alè, pou ankouraje aksè siyifikatif nan sèvis ajans lan.

LAP sa a santralize materyèl aksè nan lang pou anplwaye yo epi dekri fòmasyon regilye pou nouvo anplwaye yo pou bay anplwaye yo aksè nan materyèl ak sèvis ki nan seksyon ki anba yo.

Objektif Plan Aksè nan Lang sa yo se:

- a. Amelyore aksè nan sèvis, pwogram ak aktivite eta a pou moun ki pa pale anglè ak moun ki gen LEP;
- b. Diminye tout disparite ak reta nan founi sèvis/pwogram bay moun LEP ki elijib yo; epi
- c. Senplifye fòmasyon ak resous pou anplwaye yo pou ogmante efikasite ak satisfaksyon piblik la.

II. Politik

Politik DESE se bay bon jan aksè nan pwogram ak sèvis pou moun ki gen konpetans limite nan anglè.

III. Aplikabilite

Règleman sa a aplike pou tout biwo nan DESE.

IV. Fonksyon

Dokiman vizyon edikatif nou an dekri aspirasyon Depatman Edikasyon Elementè ak Segondè – vizyon nou – pou edikasyon piblik primè ak segondè ak edikasyon debaz pou gramoun nan Commonwealth Massachusetts la. Vizyon sa a ankre nan angajman nou pou ansèyman kalite siperyè ak aprantisaj nan Commonwealth la. Nou pral

kontinye travay avèk distri yo, lekòl yo, ak edikatè yo pou ankouraje ansèyman ak aprantisaj ki antirasis, enklizif, nan plizyè lang, ak plizyè kilti; ki valorize ak afime chak elèv ak fanmi yo; epi ki kreye opòtinite ak eksperyans ekitab pou tout elèv, patikilyèman sa yo ki te istorikman defavorize.

Kòm rezulta edikasyon publik yo a nan Massachusetts, elèv yo pral:

- **Genyen konesans akademik ak konpetans:** reyisi nan yon seri sijè konplè ak divèsifye epi aplike konpetans yo nan kontèks ki enpòtan ak reyèl.
- **Konprann ak valorize tèt yo:** konnen pwòp fòs yo, enterè yo, ak domèn devlopman yo, pou yo konsyan de tèt yo, defann tèt yo, epi pran desizyon responsab.
- **Konprann ak apresye lòt moun:** konprann diferans ak pèspektiv miltip, senpatize ak lòt moun, epi bati koneksyon ak kamarad ak granmoun yo.
- **Angaje avèk mond lan:** konprann epi panse yon fason kritik sou evènman lokal, nasyonal, ak mondal ak sistèm sosyetal yo; epi kreye chanjman pozitif atravè aksyon sivik.

Pou yo kapab:

- **Gen kiryozite ak kreyativite:** jwenn plezi nan aprann, pouswiv enterè yo, epi sèvi ak refleksyon inovatè pou sezi opòtinite ak leve defi, tankou sa yo pa t wè anvan.
- **Fasone pakou yo:** byen prepare pou epanouyi nan kolèj ak/oswa karyè epi pozisyone yo pou aprantisaj pandan tout lavi.
- **Santi yo konekte:** wè tèt yo kòm manm ki gen anpil valè epi ki enplike nan kominate yo epi pou yo konsyan de endepandans ak entèdepandans yo.
- **Responbilize yo:** jwe yon wòl nan defann ekite, jistis, ak libète nan kominate yo ak pi lwen.

a. Popilasyon Kliyan DESE yo

An akò ak responsablite legal DESE, pwogram, sèvis, ak aktivite DESE bay yo sitou adrese a edikatè lekòl publik yo. Dapre lalwa, edikatè lekòl publik yo oblige li, ekri ak pale anglè byen (GL c. 71A, Atik 2, jan Chapit 138 Lwa 2017 yo amande l). Se poutèt sa, moun sa yo gen aksè a tout enfòmasyon, sèvis, pwogram, ak aktivite DESE yo.

Kòm sèvis nan distri lekòl yo, DESE bay dokiman tradui distri yo ka itilize pou bay fanmi elèv LEP yo enfòmasyon enpòtan nan distri a. Menm jan an tou, DESE bay dokiman tradui ki apwouve jou edikasyon espesyal epi lekòl rezidansyèl ak kolaborasyon edikatif k ap sèvi elèv leta finanse yo ka itilize pou bay paran ak responsab legal LEP yo enfòmasyon enpòtan. DESE bay tou tradiksyon dokiman kle pou pwogram Edikasyon Debaz pou Adilt (ABE) k ap sèvi moun ki gen konpetans limite nan lang anglè.

DESE tou bay sèvis dirèkteman pou manm publik la atravè Sistèm Rezolisyon Pwooblèm DESE a (PRS). Atravè PRS, DESE reponn a plent ki deklare yon lekòl oswa distri pa satisfè egzijans legal yo pou edikasyon. Nenpòt moun, tankou paran, elèv, edikatè, manm kominate a, ak reprezantan ajans yo, ka kontakte PRS pou jwenn asistans. Fòm admision an ak gid enfòmasyon li yo tradui nan nef lang.

DESE travay an patenarya avèk distri yo, pwogram yo, fanmi yo, ak patnè kominotè yo epi travay pou modelize, pataje, ak repwodui pratik ki fè pwogrese ekite. Nou fè efò pou konstwi relasyon otantik nan tan an ant elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, ak kominate a. Relasyon pozitif ak responsablite pataje sipòte byennèt fanmi an, ak devlopman an sante timoun yo depi nan ti laj yo jiskaske yo vin jèn adilt.

V. Plan Aksè nan Lang

LAP sa a dwe konplètman aplike, sa depann de disponiblite resous fiskal ki nesesè yo. Li reprezante angajman ajans lan pou asire tout rezidan Massachusetts yo ka gen aksè fasilman a enfòmasyon ak resous ki soti nan DESE.

Pou anplwaye yo, plan sa a santralize resous, fòmasyon, ak kontni ak piblikasyon nan plizyè lang ajans lan, pandan y ap dekri estanda minimòm aksè nan ajans lan pou moun LEP yo.

Kowòdonatè Aksè nan Lang

Helene Bettencourt

Komisyonè Adjwen Kominikasyon ak Planifikasyon

Helene.H.Bettencourt@mass.gov

781-338-3120

a. Resous Lengwistik

Tradiksyon Piblikasyon yo

DESE pran angajman pou kenbe tout piblikasyon li yo ki aplikab lajman pou fanmi moun ki pa pale anglè ak elèv LEP; nan sèt lang ki pi pale nan lekòl piblik Massachusetts yo: anglè, panyòl, pòtigè, kreyòl ayisyen, ak chinwa (Senplifye oswa Tradisyonèl), kreyòl Kap Vè, ak Vyetnamyen. Lè li adrese l a kominote espesifik yo nan Commonwealth la, anplwaye DESE yo ta dwe asire dokiman konsèy ak lòt materyèl ekri ki fèt pou fanmi moun ki pa pale anglè ak elèv LEP yo pral aksesib nan lang ki domine nan chak kominote. Piblikasyon ki pi long ak pi espesifik yo ta dwe tradui lè gen enkyetid sou aksè pou piblik yo fèt pou li a.

DESE Pwosedi Entèn pou Tradiksyon Ekri, pa Telefòn, Vityèl ak An pèsòn:

Pwosesis Akizisyon:

DESE te etabli kontra pou tradiksyon ekri, pa telefòn, vityèl ak an pèsòn. Chak biwo responsab pou bidjè pou sèvis sa yo epi etabli yon lòd travay pou sèvis yo.

Dosye yo te mete an plas pou de founisè otorize: [Fox Translation](#) (ekri, pa telefòn ak vityèl) ak [Language Bridge](#) (An dirèk an pèsòn). Fòm yo nan Katab [Akizisyon](#) an sou Sharepoint. Nan dosye founisè respektif yo, w ap jwenn yon bouyon lòd travay, yon bouyon amannman lòd travay ak repons founisè yo, ki gen ladan yon lis lang ak pri yo. Tanpri asire w ou itilize lòd travay sa yo lè w ap mete an plas yon chaj. Pifò enfòmasyon yo te ranpli anvan. Ou pral responsab pou ajoute enfòmasyon ki manke yo anvan ou voye yo bay founisè a pou siyen yo.

DEVI:

- Fox Translation tanpri voye yon imèl bay Dina nan dina@foxtranslation.com oswa nan pòtal dirèk la nan referrals@foxtranslation.com pou yon devi. Pou moun pami nou ki te soumèt enfòmasyon nou pi bonè pou mete sou sitwèb pòtal founisè yo pou sitasyon otomatik, tanpri kontinye swiv pwosesis sa a. Si ou bezwen aksè nan pòtal la, tanpri imèl Dina.
- Language Bridge gen yon pòtal ki disponib (ki yon fwa li konfigire ak yon koneksyon) pou rezèvasyon ak devi otomatik pou **Entèpretasyon an Dirèk an Pèsòn SÈLMAN**.
- Si ou ta renmen jwenn aksè nan pòtal sa a, voye yon imèl bay Julia Dubinchik nan infolb@lbridge.com, pou mande aksè.

LÒD TRAVAY: Pou senplifye pwosesis akizisyon an, biwo yo ka etabli lòd travay pou fè rezèv lajan epi apre sa yo pral retire nan lajan an ofiamezi yo bezwen sèvis. Sa elimine nesesite pou etabli yon lòd travay chak fwa pou sèvis yo. Si ou enterese nan mete an plas pwosesis sa a, ranpli lòd travay la epi voye li bay founisè a pou li siyen l, apre sa, fè manadjè inite siyen epi finalman voye li nan lyezon akizisyon ou pou yo trete l.

FAKTIRASYON: Chak inite pral gen pwòp lòd travay li pou AF24 la. Chak lòd travay pral idantife pa kòd

inite kote yo pral mete l nan chaj la #. Pou sèvis Fox Translation bay, sèvis ekri ak oral (alafwa vityèl ak pa telefòn) yo sou liy pwodui separe e an konsekans, finansman an pral bezwen divize, jan sa nesesè. Fakti yo dwe gen ladan yo apati de ki # liy komunikasyon ak ki liy kont yo pral resevwa peman an. Li empòtan pou byen konsilye enfòmasyon sa a. Lang Bridge pral gen yon sèl liy pwodui e se poutèt sa tout finansman ki rezève yo pral sibi entèpretasyon.

Gen Keson? Kontakte espesyalis apwovizyonman biwo w la oswa Victor Mota, Planifikatè Pwojè Prensipal la, Biwo Komisè a, victor.c.mota@mass.gov

Pwosedi pou Sèvis Aksè apre lòd travay la fin an plas:

Tradiksyon ekri: Fox Translation Services

- Pou mande sèvis tradiksyon, voye yon imèl bay dina@foxtranslation.com oswa atravè pòtal sekirize a nan referrals@foxtranslation.com
- Yo aksepte fòma Word, PDF, Publisher, ak PPT.
 - Si lòt fòma yo nesesè, sèvis DTP yo disponib nan yon pouvantaj èdtan adisyonèl (yo dwe enkli nan sitasyon an jan sa aplikab).
- Lè w ap mande tradiksyon, tanpri mansyone lang ki nesesè a (yo), tout enstriksyon espesyal, ak delè (si sa nesesè pi bonè pase delè estanda 3-4 jou ouvrab la). Si yon sèten dyalèk nesesè, patikilyèman an panyòl, tanpri endike li nan demann lan tou.
- Yon direktè pwojè pral revize demann lan, prepare yon devi (si yo mande l), epi voye l ba ou pa imèl pou apwobasyon. Lè yo resevwa apwobasyon an, yo pral asiyen dokiman an (yo) bay tradiktè apwopriye a (yo).
- Yon fwa yo fini, yo pral retounen fichye tradui yo bay moun ki te fè demann lan.

Sèvis Tradiksyon pa Telefòn: Fox Translation Services

- Sèvis sa a ka mete an plas pou yon biwo epi PIN lan pataje avèk manm ekip la oswa kreye pou yon moun.
- Pou kreye yon kont pou gen aksè nan sèvis pa telefòn yo, imèl dina@foxtranslation.com.
- Ou pral resevwa yon imèl aktivasyon pou kreye kont ou epi etabli yon PIN.

Sèvis Entèpretasyon Vityèl: Fox Translation

- Pou itilize sèvis Entèpretasyon Adistans pa Videyo pou entèprèt ki pwograme davans pou reyinyon, rankont, reyinyon IEP, wèbinè yo elatriye, voye yon imèl bay Bella nan izabella@foxtranslation.com ak Martha nan martha@foxtranslation.com epi yo pral kowòdone ekip ki nesesè a pou jere evènman w lan.
- Tanpri sonje sèvis ASL yo disponib.

Entèpretasyon An pèsòn An dirèk: Language Bridge

- Pou pwograme entèpretasyon an pèsòn an dirèk, kontakte Language Bridge pou etabli aksè nan pòtal yo pou rezèvasyon ak devi otomatik.
- Voye yon imèl bay Julia Dubinchik nan infolb@lbridge.com, pou mande aksè.

Korespondans

Deklarasyon jenerik ki anba a ta ka mete avèk premye korespondans ki ale jwenn moun yo epi jan sa nesesè apre sa. Li ta ka enkli tou anba liy siyati a sou repons otomatik ki soti nan bwat resepsyon imèl jeneral yo. Si w

deja ap itilize pwòp deklarasyon oswa eslogan pèsonalize ou, ou ta ka kontinye itilize pwòp pa w la.

This document contains important information. Please have it translated immediately.	Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.	ເອກະສານສະບັບນີ້ ບໍ່ມີຂໍ້ມູນອື່ນສົດຕັ້ນ. ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແບ່ອກຍົງປຶ້ນຊັ້ນ.
В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.	Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.	ឯកសារនេះមានតម្លៃពិនាទនៅលម្អោង ។ សូមបង្កើតរាជបន្តាន ។
Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.	此文件含有重要信息。請立即找人翻譯。	Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.
تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يرجى ترجمتها فوراً.	본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.	
Docikman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwil touswit.	Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.	

i. Kontni Entènèt

Dokiman yo tradui kounye a ki apwopriye pou plasman sou sit entènèt DESE yo afiche nan <http://www.doe.mass.edu/>. Kòm dokiman adisyonèl ki apwopriye pou afichaj la tradui, yo pral mete yo sou sit entènèt la. Sit entènèt DESE a gen ladan tou Google Translate, ki bay kapasite pou tradui tout kontni sit entènèt la.

ii. Anplwaye ki Pale Plizyè Lang nan DESE

DESE pran angajman pou rekrite ak kenbe anplwaye ki pale plizyè lang pou tout pòs, men sitou pou anplwaye ki devan piblik la ak anplwaye ki reponn liy dirèk ajans lan.

iii. Sèvis Entèprèt pou Moun ki Prezante san Randevou

Pandan yo prefere bay sèvis dirèk pou moun LEP yo nan lang prensipal yo, Anplwaye DESE yo gen aksè tou nan sèvis lengwistik pa telefòn Fox Translation Services bay ki gen ladan plis pase 380 lang.

- Sèvis sa a ka mete an plas pou yon biwo epi PIN lan pataje avèk manm ekip la oswa kreye pou yon moun.
- Pou kreye yon kont pou gen aksè nan sèvis pa telefòn yo, imèl dina@foxtranslation.com.
- Ou pral resevwa yon imèl aktivasyon pou kreye kont ou epi etabli yon PIN.

Pou idantifye lang prensipal yon moun ki vini san randevou, anplwaye DESE yo pral itilize yon [Flashcard pou Idantifikasiyon Lang](#). Kat la di « Mwen pale » nan 38 lang epi mwen ka sèvi pou idantifye lang moun LEP ki gen aksè nan sèvis DESE bay yo.

iv. Liy Dirèk ak Liy Telefòn Jeneral yo

DESE gen yon kontra an plas avèk Fox Translation pou gen aksè nan sèvis tradiksyon pa telefòn ak vityèl.

Sèvis Tradiksyon pa Telefòn: Fox Translation Services

- Sèvis sa a ka mete an plas pou yon biwo epi PIN lan pataje avèk manm ekip la oswa kreye pou yon moun.
- Pou kreye yon kont pou gen aksè nan sèvis pa telefòn yo, imèl dina@foxtranslation.com.
- Ou pral resevwa yon imèl aktivasyon pou kreye kont ou epi etabli yon PIN.

Sèvis Entèpretasyon Vityèl: Fox Translation

- Pou itilize sèvis Entèpretasyon Adistans pa Videyo pou entèprèt ki pwograme davans pou reyinyon, rankont, reyinyon IEP, wèbinè elatriye, voye yon imèl bay Bella nan izabella@foxtranslation.com ak Martha nan martha@foxtranslation.com epi yo pral kowòdone ekip ki nesesè pou jere evènman w lan.
- Tanpri sonje sèvis ASL yo disponib.

Entèpretasyon pou Moun ki Soud ak Moun ki Gen Difikilte pou Tande nan Reyinyon ak Evènman yo

Lè w ap enskri patisipan yo pou prezantasyon oswa evènman nan biwo a, ou ta dwe bay patisipan yo yon opsyon pou mande entèpretasyon ak/oswa CART (Aksè Kominikasyon Tradiksyon nan Tan Reyèl). Anplis de sa, yon òganizasyon patnè ki òganize evènman an ka mande pou biwo nou an bay entèpretasyon lè l ap pwograme ak konfime evènman an.

DESE bay entèpretasyon ak/oswa CART pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande lè yo mande l. Revize [Enstriksyon sou Itilizasyon Premye Fwa](#) sa yo ki soti nan Komisyen Massachusetts pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tande (MCDHH) pou familyarize w avèk diferan kalite entèpretasyon yo ta ka mande.

MCDHH bay yon Sèvis Entèprèt ak Referans CART nan tout Eta a. Yo ta dwe mande entèprèt nan MCDHH. Sèvis entèprèt ak CART depann de disponiblite, paske demann sa yo ta dwe fèt pi vit posib men pa mwens pase de (2) semèn anvan yon reyinyon oswa evènman. Pifò evènman yo pral bezwen de entèprèt ASL.

Moun ki fè demann entèprèt ak/oswa demann CART yo ta dwe prepare pou bay:

1. Non, nimewo telefòn ak òganizasyon moun ki fè demann lan
2. Dat ak lè yon entèprèt/transliteratè/founisè CART nesesè ak dire ki prevwa pou travay la
3. Adrès travay la ki gen ladan detay adisyonèl ki nesesè pou jwenn kote a (sa vle di, non oswa nimewo biling lan, etaj, sal, elatriye)
4. Kalite demann lan ak fòma demann lan (sa vle di, konferans platfòm, reyinyon anplwaye, reyinyon vityèl, elatriye)
5. Lòt enfòmasyon idantifikasiyon ki asosye ak travay la tankou nimewo yon lis seminè ak non ak enfòmasyon kontak fòmatè a (sa vle di, nimewo telefòn, imèl, elatriye)
6. Kantite patisipan yo espere. (MCDHH bezwen konnen kiyès patisipan yo ye sa vle di, èske Gouvènè a ap la?)
7. Ekipman fòma a pral itilize, tankou mikwofòn, pwojektè anlè, videoyo, elatriye.
8. Non tout patisipan ki bezwen sèvis entèprèt ak mòd kominikasyon yo prefere (ASL, PSE, transliterasyon oral, CART).
9. Non moun ki espesyalman mande sèvis CART yo. Lis ekipman CART nesesè ki soti nan Komisyen an (pwojektè, mikwofòn, elatriye)
10. Non ak nimewo telefòn moun pou kontakte nan travay la (« moun pou kontakte sou plas la. ») Souvan moun ki fè demann yo pa nan evènman/reyinyon an. Entèprèt yo bezwen non yon kontak sou plas pou mande pou li lè yo rive).
11. Enfòmasyon sou « moun k ap peye » oswa « faktirasyon »: non, adrès, ak nimewo telefòn moun ki responsab pou peye pou entèprèt la. (Demann yo pa ka trete san enfòmasyon faktirasyon an pa konfime.)

Yon fwa yon admisyon fini, yo enfòme moun ki fè demann sou nimewo travay pou demann yo a. Nimewo travay sa a konfime yo te fè yon demann epi yo dwe itilize l pou fè swivi.

- **Yon demann ka egzije plizyè entèprèt** selon dire ak entansite travay la.

- **Gen yon tarif minimòm de zèdtan pou chak demann entèprèt ak CART.** Yo faktire travay yo pou yon minimòm 2 zèdtan nan tan yon founisè (kòm yon « frè prezantasyon ») oswa kèlkeswa dire travay la, selon dire ki pi long nan. Travay leta peye yo swiv yon fòmil pou tan vwayaj ak rambousman kilomètraj ki disponib nan MCDHH sou demann.
 - **Entèprèt endependan ak founisè CART yo voye fakti bay moun ki peye yo dirèkteman.**
- **Yo avize moun ki fè demann yo dèke yo ranpli demann lan epi pa pita pase « dat notifikasyon » demann yo a.** « dat notifikasyon » demann lan, negosyab men li ka kout tankou de (2) jou ouvrab anvan dat travay la.
- **Moun ki fè demann yo dwe enfòme MCDHH sou chanjman yo pi vit posib, pa egzanp , kote,** konsomatè yo sèvi, dat, lè, oswa enfòmasyon sou faktirasyon. Chanjman sa yo souvan pwovoke bezwen pou rekòmanse pwosesis referans lan epi nan ka demann ki anile yo, yo ka gen enplikasyon finansye pou moun ki fè demann lan/moun k ap peye a.
- **Moun ki fè demann yo dwe anile demann ki ranpli avèk yon preyavi plis pase de jou ouvrab konplè pou yo pa faktire yo pou sèvis la.** Si anilasyon an fèt avèk mwens pase de jou ouvrab konplè, yo pral chaje moun y ap fè peye pou tan ki rezèvè a.
- **Pou fè yon demann anilasyon pou sèvis entèpretasyon oswa CART,** tanpri ale nan lyen sa a <https://www.mass.gov/forms/request-to-cancel-interpreting-cart-services>, epi ranpli detay yo. Detay yo sou fòm lan dwe ranpli anvan yo voye yo, tankou Nimewo Lòd la.

Li posib pou mande entèprèt nan plizyè òganizasyon. Nan ka sa yo, ou ta dwe kreye tan ***anvan evènman an*** pou entèprèt yo konekte.

b. Fòmasyon Anplwaye

Plan Aksè nan Lang lan (LAP) pral:

- a. Pibliye alentèn pou tout anplwaye yo. [SharePoint Link]
- b. Enkòpore nan oryantasyon pou novo anplwaye yo.
- c. Prezante nan direksyon an pou yo byen okouran ak byen konprann LAP a, pou yo ranfòse enpòtans plan an epi asire aplikasyon li pa anplwaye yo.
- d. Prezante bay DESE anplwaye ki gen kontak ak piblik la, kidonk anplwaye sa yo resevwa fòmasyon pou travay yon fason efikas ak moun LEP yo ak entèprèt pa telefòn yo. Omwen sa pral gen ladan anplwaye nan biwo otorizasyon edikatè yo, biwo akizisyon lang, siveyans lekòl piblik ak biwo oswa sistèm rezolisyon pwoblèm yo.

VI. Siveyans

DESE pral revize ak mete ajou Plan Aksè nan Lang li a omwen chak dezan oswa pi souvan, jan sa nesesè.

Revizyon an evalye:

- a. Kit te gen chanjman enpòtan nan konpozisyon oswa bezwen an lang popilasyon ki te sèvi a.
- b. Si anplwaye a konnen ak konprann dokiman LAP a epi li konfòtab lè l itilize sèvis ki dekri andedan l yo.
- c. Si dokiman adisyonèl yo nesesite tradiksyon.
- d. Idantifikasiyon tout kesyon oswa pwoblèm ki gen rapò ak sèvi moun LEP ki ka te parèt pandan ane ki sot pase a; epi
- e. Idantifikasiyon tout aksyon ki rekòmande pou bay sèvis lengwistik ki pi reponn ak pi efikas (egzanp, ajoute dokiman pou tradui, kreye, oswa elaji patenarya avèk òganizasyon kominotè yo, oswa chanje priyorite rekriticman yo).

Siveye efikasite yon Plan Aksè nan Lang ka gen ladan:

- a. Analize done aktyèl ak anvan sou itilizasyon asistans lengwistik, ki gen ladan lang yo sèvi yo.
- b. Fè yon sondaj bò kote anplwaye yo sou konbyen fwa yo itilize sèvis asistans lengwistik, si yo kwè ta dwe gen chanjman nan sèvis yo bay yo oswa founisè yo itilize yo, epi si yo kwè sèvis asistans lengwistik ki an plas yo satisfè bezwen kominote LEP yo nan zòn sèvis yo; epi
- c. Siveyans fidbak ki soti nan òganizasyon kominotè yo, sèvis legal ak lòt entèvenan sou efikasite ak pèfòmans ajans lan nan asire aksè siyifikatif pou moun LEP yo.